



# KISA PITIT OU A PRAL APRANN?



## Twazyèm Ane Eskolè

## 2017-2018

### Kijan mwen ka ede pitit mwen nan kay la ?

Aprantisaj pa fini nan salklas la. Timoun bezwen èd ak sipò nan kay la pou yo reyisi nan etid yo. Eseye kreye yon kote trankil pou pitit ou a etidye chak jou pou zanmi, frè ak sè, oubyen lòt distraksyon pa entèwonp li. Ou ka jwe yon wòl enpòtan nan kay la, nan etabli gwo atant e sipòte pitit ou a nan satisfè bezwen li. Ou dwe tou eseye chita avèk pitit ou a omwen yon fwa pa semèn pou 15 a 30 minit pandan li ap fè devwa l. Sa ap kenbe w enfòm sou kisa pitit ou a ap travay. Lè w fè ti pa sa yo, w ap ede pitit ou a jwenn siksè nan toude, anndan ak deyò salklas la.

- Fè lekti pou amizman vin yon pati nan woutin jounalye pitit ou a. Rezève yon tan trankil, san telefòn, òdinatè, oubyen lòt distraksyon, lè pitit ou a ka li pou plezi, liv tankou "Amos & Boris by William Steig" oubyen "The Fire Cat by Esther Averill." Pou w jwenn plis liv pou pitit ou a li, vizite <http://www.fldoe.org/academics/standards/just-read-fl/families>
- Ankouraje pitit ou a chèche yon foto nan jounal oubyen magazin, koupe li, kole li sou pape, e ekri yon istwa sou li.
- Kòmanse ak yon bwat oubyen yon bokal vokabilè pou fanmi an. Fè chak moun ekri nouvo mo yo dekouvri, mete yo nan bwat la, e sèvi avèk yo nan konvèsasyon.

Enfòmasyon PTA bay.



### Atant Pou Nivo Ane Eskolè a

Twazyèm ane eskolè se yon ane trèzenpòtan pou pitit ou a. Aprann li kouramman ak konfidans pral sèvi kòm fondasyon pou demand lekti nan lòt ane eskolè ki ap vini yo. Nan pratike avèk estrateji "learning-to-read" (aprann li), pitit ou a ap kapab konprann avèk konsistans sans mo ki gen plizyè silab nan liv. Li pral vin apresye mo gen sans ki pa literal (pa egzanp, "a piece of cake" ( *san pwoblèm*) e fè relasyon ak lòt mo (pa egzanp, "company and companion" (*konpayi ak konpayon*)). Rekonèt e konprann mo pral pèmèt pitit ou a deplizanpli li istwa ak liv difisil e bati konesans sou mond ki alantou li. Rive nan fen ane a, pitit ou a tou pral ka ekri fraz ak paragraf klè nan yon kantite sijè, ki pral ede ogmante vokabilè li.

### Yon Egzanp Sou Kisa Pitit ou a Pral Travay nan Twazyèm Ane Eskolè

- Li avèk atansyon pou jwenn ide prensipal ak detay sipòtif nan yon istwa
- Dekri koneksyon lojik ant fraz patikilye ak paragraf nan istwa (pa egzanp, premye, dezyèm, twazyèm; koz ak efè)
- Konpare pwen ki pi enpòtan ak detay kle yo prezante nan de (2) liv sou menm sijè a
- Ekri opinyon oubyen ekri eksplikasyon ki gwoupe enfòmasyon ki gen rapò youn ak lòt e devlope sijè avèk fè e detay
- Ekri istwa ki etabli yon sityasyon e mete ladan detay ak sekans klè sou evènman ki dekri aksyon, panse ak santiman karaktè yo
- Fè ti rechèch pwojè endepandamman ki devlope konesans sou divès sijè
- Poze e reponn kesyon sou enfòmasyon li tande yon oratè bay oubyen pandan li ap patisipe nan diskisyon nan salklas, nan ofri elaborasyon ak detay apwopriye ki ogmante aptitud sou sa lòt moun te di
- Li istwa ak powèm awot vwa kouramman, san poze pou konprann kisa chak mo siyifi
- Distenge siyifikasyon mo literal e sa ki pa literal, tankou "something's fishy" (*yon bagay pa nòmal*) ak "cold shoulder" ak (*montre fwadè*)
- Eple kòrèkteman e chèche nan diksyonè pou klarifye siyifikasyon mo

## Resous Distri a

### Sit Entènèt Redaksyon Leki

#### Kat Travay LAFS



Adobe Acrobat Document

#### Bi/Pèspèktif Otè a



Adobe Acrobat Document

#### Estrikti Tèks yo



Adobe Acrobat Document

#### Tablo Endis sou Kontèks



Adobe Acrobat Document

#### Kadran Rezime



Adobe Acrobat Document

#### Sijè/Ide Prensipal/Tèm



Adobe Acrobat Document



## Lyen Dijital

**iReady:** <http://www.dadeschools.net/students.asp>

**C-Palms:** <http://www.cpalms.org/Public/>

**Achieve the Core:** <http://achievethecore.org/>

**myON Reader:** <https://www.myon.com/login/>

**Sunshine State Young Reader Award Program:** <http://www.floridamedia.org/?page=ssyrahome>